



Pou Piblikasyon Imedya: 13/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOTEKSYON PÈMANAN POU 5,908 EKTA FORÈ,  
MAREKAJ AK BASEN VÈSAN NAN ADIRONDACK KI INIK SOU PLAN EKOLOGIK  
AK ENPÒTAN SOU PLAN ISTORIK**

***Nouvo konsòsyòm rechèch piblik-prive pral gide rechèch syantifik sou ekosistèm  
ki ra globalman nan Follensby Pond***

***Nouvo sèvitid konsèvasyon pral bay nouvo aksè ak lwazi piblik nan basen vèsan  
Rivyè Raquette la***

***Kat ak foto yo [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon akò istorik ak The Nature Conservancy pou pwoteje plis pase 5,908 ekta tè resous natirèl ki ra sou plan ekolojik ak enpòtan sou plan kiltirèl nan Adirondacks atravè de sèvitid konsèvasyon ak yon inisyativ konsòsyòm rechèch ak Eta New York. Kolaborasyon sa a pral bay nouvo aksè ak lwazi piblik nan koridò Rivyè Raquette la epi etabli yon rezèv rechèch dlo dous inik pou avanse konesans pataje sou ekosistèm dlo dous yo. Akò a pwoteje basen vèsan Follensby Pond lan ak abita ki sitiye nan teritwa Haudenosaunee ak Abenaki epi ki sèvi kòm baz 'Kan Filozòf' Ralph Waldo Emerson lan.

"Nouyòkè yo ak vizitè yo nan rejyon Adirondacks espesyal sa a te rekonèt depi lontan bote sengilye ak siyifikasyon Follensby Pond ak Rivyè Raquette", **Gouvènè Hochul te deklare.** "An kolaborasyon ak The Nature Conservancy ak anpil patnè, n ap prezève yon resous natirèl inik pou tout Nouyòkè yo kapab jwi rejyon istorik ak trezò sa a pou jenerasyon k ap vini yo."

Pwopriyete ki enpòtan sou plan ekolojik, istorik ak kiltirèl la sitiye prensipalman nan vil Harrietstown, ak yon pòsyon nan vil Tupper Lake, nan Konte Franklin. The Nature Conservancy te achte pou premy fwa tè ki evalye a 5,908 ekta an 2008 epi li gen ladan l 16 km fasad sou Rivyè Raquette ak Follensby Pond ki evalye a 388 ekta. Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ak The Nature Conservancy te siyen kontra pou Eta a achte de sèvitid ki pral reyalize yon balans enpòtan ant bay opòtinite lwazi amelyore nan yon zòn ki toupre tè Konsèv Forè Eta (State Forest Preserve) ak pwoteje yon ekosistèm ki ra nan mond lan pandan

rekonèt relasyon alontèm Moun Endijèn yo genyen ak rejyon an. Sèvitid yo dènyèman te sou kontra epi yo prevwa fèmen nan kòmansman 2024 la.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te**

**deklare,** "Garanti plis pase 5,908 ekta ekosistèm enpòtan anpil se yon sityasyon gayan pou konsèvasyon ak pou tout Nouyòkè yo. An rekonesans pou jerans depi lontan Pèp Endijèn yo ak nan lespri Emerson ak gwo pansè yo pandan de syèk de sa, Eta New York ak The Nature Conservancy ap reyini ansanm yon konsòsyòm lespri syantifik prensipal pou etidye yon mas dlo ki te rete relativman entak pandan plis pase yon syèk. Follensby Pond ak basen vèsan ki asosye li yo pral sèvi kòm yon laboratwa vivan pou etid syantifik pa enstitisyon piblik ak prive prensipal yo. Ansanm, sèvitid yo bay yon konbinezon inik ant lwazi amelyore ak opòtinite rechèch ki enpòtan globalman, kidonk sa ki bay yon bon balans ant konsèvasyon ak lwazi. DEC kontan anpil pou l kontinye kolabore sou opòtinite istorik anviwònmantal, syantifik, kiltirèl ak ekonomik sa a."

**Bill Ulfelder, ki se Direktè Egzekitif The Nature Conservancy nan New York la**

**deklare,** "Chanjman klimatik mande plis aksyon anbisye epi konsòsyòm syans ak prezèvasyon dlo dous nan Follensby Pond se yon lòt egzanp Eta New York ki mennen nan inisyativ klimatik ak konsèvasyon yo. Nature Conservancy ap pran swen Follensby Pond depi 15 ane epi rechèch yo montre nou ke li gen atribi ekolojik inik ki fè li rezistan fas ak chanjman klimatik la. Ekosistèm dlo dous yo se kèk nan sa yo ki pi menase sou Latè—populasyon espès dlo dous kontwole yo te diminye a 83 pousan depi 1970—konsa sa nou kontinye aprann isit la ka gen enplikasyon mondyal. Nou ta renmen remèsye Gouvènè Hochul ak Komisè Seggos pou lidèchip yo sou klima ak patenarya yo nan pwoteje peyizaj enkwayab ki evalye a 5,908 ekta sa a. Nou kontan anpil dèsk nou fè patenarya ak DEC pou bay plis opòtinite lwazi sou Rivyè Raquette, ak Wild Center ki avwazinant lan nan eksplòre opòtinite edikatif, epi avèk Sant pou Pèp Endijèn ak Anviwònman (Center for Native Peoples and the Environment) Kolèj Syans Anviwònmantal ak Forestye SUNY (SUNY College of Environmental Science and Forestry, SUNY ESF) an nan kreye opòtinite pou enkòpore priyorite, pèspektiv Endijèn ak Konesans Ekolojik Tradisyonèl yo."

**Sèvitid pou Aksè ak Lwazi nan Rivyè Raquette**

Sèvitid pou konsèvasyon Rivyè Raquette la gen ladan 2,422 kawo tè adjasan ak Rivyè Raquette la, ki gen ladan basen vèsan ki enferyè ak Moose Creek la. Sèvitid la pral bay nouvo opòtinite aksè piblik ki trè dezirab otou 16 km rivyè a, ki fè pati [Santye Kanotaj Forè Nò](#) (Northern Forest Canoe Trail) anblenatik la ak yon pati nan wout kanotaj ki pi long nan Adirondacks ki pakouri sou 145 km ant Old Forge ak Saranac Lake. Rivyè a se tou yon destinasyon lapèch popilè, ki sipòte yon varyete pwason espòtif yo ap chèche anpil.

Sèvitid la pral sipòte nouvo aktivite lwazi piblik san motè tankou kan, piknik, randone, lachas, lapèch, ak lòt aktivite ki pral espesifye nan yon Plan Lwazi Pwovizwa k ap devlope kounye a. An patikilye, opòtinite pou lapèch ak pagay ap disponib sou Moose Creek ak Beaver Brook, ki ofri lapèch twit eksepsyonèl. Chasè yo pral kapab jwenn aksè ak nouvo kote adistans yo. Kontra lwaye lachas ki deja egziste sou pwopriyete konplè a

pral kontinye. Sèvitid la adjasan ak High Peaks Wilderness Complex DEC la ki mezire 111,290 ekta.

### **Sèvitid ak Konsòsyòm Rezèv Rechèch Follensby Pond lan**

Sèvitid pou konsèvasyon Follensby Pond lan anglobe 3,504 kawo tè, ki gen ladan Follensby Pond ak basen vèsan ki antoure a. An 1858, Follensby sete sit Kan Filozòf yo, ki te reyini Ralph Waldo Emerson ak lòt entelektyèl, atis, ak syantis nan youn nan rasanbleman ki pi popilè ak enfliyan nan Adirondacks yo. Li se lokal tou kote DEC te reyentwodwi èg maren an avèk siksè nan Adirondacks an 1983. Prezève rechèch dlo dous sa a pral ofri aksè jere pou rezon syantifik ak edikatif ak pou pratik kiltirèl Pèp Endijèn yo, tankou seremoni, rasanbleman, ak manje.

Konbinezon inik Etan nan pwofondè, fòm, elevasyon, ak istwa lapèch kreye yon opòtinite rechèch trè espesyal ki pral sipòte syans lapèch New York alavni. Nan yon elevasyon 1,545 pye, ak fòm basen 102 pye-pwofondè li yo, Follensby Pond pozisyone pou li rete relativman frèt ak rezistan fas a chanjman klimatik la. Follensby se youn nan sèlman nèf lak entak ki rete tou nan 48 eta ki pi ba yo ki toujou sipòte yon popilasyon twit lak sovaj ki ra ak ansyen ki te relativman rete san yo pa peche ladan pandan plizyè ane. Karakteristik kolektif sa yo bay syantis yo yon opòtinite ki ra pou yo etidye yon popilasyon ki pa eksplwate epi aprann sou fason chanjman klimatik ak lòt enflyans anviwonmantal ka afekte yon espès konsa alavni.

Ansanm ak reyalize pwoteksyon pèmanan nan zòn ki enpòtan sou plan ekolojik sa a, The Nature Conservancy ak DEC ap etabli yon konsòsyòm Rezèv Rechèch Follensby pou sipòte rechèch syantifik ak siveyans alontèm nan yon anviwonman aprantisaj. Consortium a, ki gen ladann jiskadat DEC, The Nature Conservancy, Cornell University, Paul Smith's College Adirondack Watershed Institute, Kolèj Syans Anviwonmantal ak Forestye Inivèsite Eta New York (State University of New York College of Environmental Science and Forestry, SUNY ESF), Sèvis Pèch ak Bèt Sovaj Etazini (US Fish and Wildlife Service), ak Sondaj Jewolojik Etazini (US Geological Survey), pral devlope yon ajanda rechèch sou siveyans chanjman anviwonmantal fas a yon klima k ap chofo pou eklere syans lapèch nan Follensby Pond ak atravè mond lan. Rechèch la pral bay eleman debaz pou aprann ak devlope estrateji pou jere ak amelyore lapèch ekselan yo jwi nan tout New York epi eklere jesyon ak pwoteksyon pwason odela fwontyè eta a.

Anplis rechèch ki akse sou efè ekolojik chanjman klimatik yo sou ekosistèm dlo frèt yo, yo pral etidye yon fason entansif twit lak, sisko ak twit fontèn pou asire espès pwason endijèn ak anblematik sa yo kontinye ap pwospere nan Adirondacks pou jenerasyon k ap vini yo. RPrezève rechèch la pral sèvi kòm yon destinasyon mondyal pou chèchè yo, ak yon modèl san presedan pou konsèvasyon dlo dous.

The Nature Conservancy pral devlope yon plan pou aksè jere pou Follensby Pond an kolaborasyon ak manm konsòsyòm yo, manm kominote lokal yo ak ofisyèl yo, ak lòt patnè yo. Plan an pral genyen opòtinite pou piblik la patisipe nan aktivite tankou vizit gide pou rezon edikatif, syantifik ak kiltirèl. Sèvitid yo nouvo paske yo bay opòtinite tou

pou retabli aksè ak Pèp Endijèn yo ak pran swen tètwa zansèt pa yo. Patenarya Nature Conservancy ak Sant SUNY ESF pou Pep Endijèn ak Anviwònman an pral ede gide enkòporasyon priyorite, pèspektiv, ak Konesans tradisyonèl ekolojik Endijèn yo.

**Senatè Eta a, Pete Harckham, te deklare,** "Nouvo akò sa a pou pwoteje prèske 6,070 kawo tè nan Adirondacks reprezante yon triyonf pou konsèvasyon tè isit nan New York. Li enperatif pou nou pwoteje forè primitif ak resous natirèl nou yo pou jenerasyon k ap vini yo, epi patenarya inik piblik-prive sa a ant Nature Conservancy ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta a se yon reyalizasyon modèl nan sans sa a."

**Manm Asanble Matthew Simpson, te deklare,** "Jwenn balans ant prezèvasyon ak aksè piblik se yon sitiyasyon gayan gayan nan sa ki gen pou wè ak pwoteje peyizaj primitif Adirondacks yo. Pou atenn objektif sa a plis pandan y ap bay priyorite akrechèch syantifik sou ekosistèm natirèl nou yo se yon vrè temwayaj sou pozisyon gwo Eta New York la kòm yon lidè mondyal nan konsèvasyon modèn ak jesyon resous tè. Mwen bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul, The Nature Conservancy, ak anpil moun ki gen enterè ki enplike yo pou angajman kontinyèl yo pou priyorize Adirondacks yo kòm yon poto santral nan objektif jerans anviwònman nou yo."

**Manm Asanble Deborah J. Glick te deklare,** "Pwoteksyon pèmanan prèske 6,070 kawo tè nan ak alantou Follensby Pond ak Rivyè Raquette nan Adirondacks yo se yon bon nouvèl pou konsèvasyonis, chèchè, moun ki renmen aktivite deyò, ak tout Nouyòkè yo. Sa ki egalman enpòtan se pwoteksyon rezève dlo dous la nan abita inik nan etan an, ki pral ofri nou yon laboratwa rechèch pou aktivite deyò ki valab. Pandemi a te raple anpil moun sou bèl resous deyò ki disponib pou nou, epi sèvitid konsèvasyon sa a pral bay nouvo opòtinite lè fre, soti nan navigasyon ak randone ak plis ankò. Pwojè tankou sa a fè nou sonje ki jan investisman kontinyèl ki enpòtan nan Fon Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Fund, EPF) la se pou pwoteksyon zòn ki inik sou plan ekolojik ak prezèvasyon espas ouvè."

**Sipèvizè Vil Harrietstown lan, Jordanna Mallach, te deklare,** "Mwen kontan anpil ke The Nature Conservancy ak DEC te rive jwenn yon akò nan domèn sa a ki enpòtan nan plan kiltirèl ak anviwònmanal. Mwen pa ka tann pou mwen wè kolaborasyon an reyalize nan aksè adisyonèl pou pagayè, chasè, ak pechè y bò Rivyè Raquette la epi mwen kontan anpil pou travay ak opòtinite edikatif Rechèch Konsòsyòm la pral pote."

**Sipèvizè Vil Tupper Lake la, Rick Dattola, te deklare,** "Vil Tupper Lake pa ka tann nouvo epòk sa a nan kad devlopman Follensby Pond ak zòn sovaj k ap evolye a. Istwa rich pwopriyete Follensby Pond la lye yon fason enseparab ak istwa rich vil Tupper Lake la. Pandan relasyon sa a ap grandi nan avantaj mityèl mond akademik, syans, eta ak gouvènans lokal ak lòt moun, nou rete optimis ke opòtinite ekonomik ak lwazi k ap parèt yo pral prezante avantaj konvenab pou sitwayen Tupper Lake ak North County yo epi yo bay eksperyans edikatif ak lwazi inik pou moun ki soti toupatou nan eta a ak nan peyi a. Nou pa ka tann yon kolaborasyon kontinyèl epi felisite tout pati yo pou akò enpòtan sa a."

**Direktè Egzekitif Komisyon Konsèy Revizyon Gouvènman Lokal Adirondack Park la, Gerald Delaney, Sr., te deklare,** "Sèvitid sa a ki elabore ak anpil atansyon ak The Nature Conservancy pwoteje ak amelyore opòtinite lwazi sou pwopriyete Follensby a. Li rekonèt enpòtans klèb lachas Adirondack yo ki entegre nan kilti Adirondack pandan l ap pwoteje epi kreye yon domèn etid syantifik ak plizyè patnè, yon Letan Follensby ki rezistan ak ekosistèm ki asosye. Jwayo ki genyen aplis de sa se tou Kan Filozòf yo ak letan an. Aktivite ekotouristik nan meyè kapasite li, atire vizitè ak syantis yo ki ta ka pa janm fè vwayaj la san sèvitid sa a. Mèsi, Gouvènè Hochul, Komisè Seggos, ak The Nature Conservancy pou lidèchip ki te kreye plan byen reflechi sa a."

**Otè ak Anviwònmantalis Bill McKibben, te deklare,** "2023 te wè tanperati ki pi wo sou planèt sa a pase nan omwen 125,000 ane; sa a se kontèks pou anons enpòtan sa a ke chèchè klima yo pral kapab sèvi ak yon dosye enpòtan nan tan lontan an, ak gwo enplikasyon pou lavni an."

**Vis Prezidan Trout Unlimited pou Konsèvasyon Lès Keith Curley, te deklare,** "Sèvitid konsèvasyon nan basen vèsan Rivyè Raquette la ak konsòsyòm rechèch Follensby Pond lan se yon avantaj pou konsèvasyon twit sovaj nan New York. Trout Unlimited remèsye ak bat bravo pou zanmi nou yo nan DEC New York la ak The Nature Conservancy paske yo pote anviwon 16 km aksè piblik sou Rivyè Raquette la ak pwoteksyon inik pou twit lak nan Follensby Pond."

**Direktè Sant pou Limnoloji nan Inivèsite Wisconsin-Madison lan, Jake Vander Zanden, te deklare,** "Lè yo kreye yon konsòsyòm rechèch dlo dous ak yon konsòsyòm syans nan Follensby Pond, Eta New York ak The Nature Conservancy te etabli yon presedan enpòtan pou pwoteksyon ak etid dlo dous nan peyi Etazini ak odela. Inisyativ sa a se yon devlopman enteresan pou konsèvasyon dlo dous ak rechèch globalman epi li patikilyèman enpòtan paske yo ap ogmante presyon ak defi ki genyen nan ekosistèm dlo dous yo."

**John Calvelli, ki se Vis Prezidan Egzekitif Afè Piblik Sosyete Konsèvasyon Bèt Sovaj, te deklare,** "Nan Sosyete Konsèvasyon Bèt Sovaj (Wildlife Conservation Society, WCS), nou pran angajman pou pwoteje dènye kote sovaj ki entak, ki gen divès kalite biyolojik epi ki pi rezistan fas ak chanjman klimatik la. Akò inovan ant The Nature Conservancy ak Eta New York pou konsève 5,908 ekta Rivyè Raquette la ak Follensby Pond Tract epi kreye yon prezèvasyon rechèch dlo dous revolisyonè, se yon egzanp enpòtan globalman sou kalite inisyativ konsèvasyon ki nesesè pou abòde enpak chanjman klimatik yo epi ede bèt sovaj adapte ak siviv."

**Direktè Rejyonal Rejyon Nòdès pou Sèvis Lapèch ak Bèt Sovaj Etazini an, Wendi Weber, te deklare,** "Follensby se yon sit referans enkwayab pou syantis yo kontwòle enpak klimatik ki kapab eklere jesyon lòt lak ak lapèch alafwa nan rejyon Forè Nò a ak atravè Apalach yo. Abita dlo dous yo pa manke prezante anpil nan zòn konsève yo nan mond lan, epi nou kontan fè pati kolaborasyon inovan sa a."

**Direktè Sant Syans Dlo New York nan Sondaj Ekolojik Etazini (U.S. Geological Survey, USGS), Robert Breault, te deklare,** "USGS te fè rechèch anviwònmantral ak siveyans nan Adirondacks pandan plis pase yon syèk epi li valorize opòtinite pou yo vin yon manm nan konsòsyòm ki pral gide ajanda rechèch klimatik ak ede eklere mizisyen politik yo, jeran resous yo, ak piblik la nan pran desizyon ki pral ede bati yon avni ki pi dirab."

**Prezidan SUNY College of Environmental Science and Forestry, Joanie Mahoney, te deklare,** "Kolèj Syans Anviwònmantral ak Forestye SUNY an depi lontan te fè patenarya ak The Nature Conservancy pou eksplòre valè syantifik, istorik ak kiltirèl Follensby yo atravè enantè biyolojik etidyan yo, egzamen Kan Filozòf la, ak atravè yon patenarya ak Sant pou Pèp Endijèn ak Anviwònman nou an, ko-kreyasyon yonnaratif ki pi onèt sou relasyon Pèp Endijèn yo ak Follensby Pond, ansanm ak restorasyon aksè Pèp Endijèn yo nan pran swen teritwa zansèt pa yo. Nou pa ka tann pou nou agrandi wòl nou kòm manm konsòsyòm lan epi fè rechèch sou klima ki pral sèvi enterè alontèm tout Nouyòkè yo."

**Direktè Sant pou Pèp Endijèn ak Anviwònman an Doktè Robin Wall Kimmerer te deklare,** "Genyen prèv k ap grandi atravè mond lan ki montre divèsite biyolojik ap pwospere anba jerans Endijèn yo. Avèk patnè nou yo, nou pa ka tann pou nou kreye opòtinite pou yon kolaborasyon pwodiktif ant Konesans Ekolojik Tradisyonèl ak syans konsèvasyon ki baze sou respè mityèl, resiprosite ak aksè pataje. Swen tè ki reflete pèspektiv ak priyorite Endijèn yo gen potansyèl pou amelyore byennèt tè ak kilti nan peyizaj ekstrawòdinè Follensby Pond lan."

**Doktè Pete McIntyre, nan Depatman Resous Natirèl ak Anviwònman nan Cornell University, te deklare,** "Pwogram Rechèch Lapèch Adirondack Cornell la konsantre sou dirabilite lapèch nan dlo frèt, epi nou kwè byen fèm nan wòl esansyèl patenarya piblik-prive ak rechèch alontèm pou gide jesyon adaptasyon. Lak Adirondack yo ap menase de pli zan pli akòz epuizman oksijèn nan dlo fon frèt ke twit lak yo ak lòt espès pou lapèch ki depann de yo pandan klima nou an ap chanje. Nou kontan pou nou yon manm nan konsòsyòm lan nan Follensby, ke pwofondè ak gwosè li fè li vin yon gwo kandida pou gwo rezistans klimatik ak rechèch ki akse sou restorasyon."

**Prezidan Kolèj Paul Smith la, Dan Kelting, te deklare,** "Adirondack Watershed Institute fyè pou l sèvi kòm manm konsòsyòm lan ki pral ede gide ajanda rechèch ak jesyon ekolojik Follensby a. Nou te wè enpak chanjman klimatik yo sou sistèm dlo dous Adirondack la pèsònèlman, epi li enperatif pou nou kontinye bese enpak sa yo atravè rechèch syantifik ak konsèvasyon."

**Direktris Egzekitif Wild Center a, Stephanie Ratcliffe, te deklare,** "Wild Center ap eksplòre gwo potansyèl opòtinite edikatif ak entèpretasyon nan Follensby Pond ki avwazinant lan. Sa nou fè pi byen se konekte moun ak lanati, epi Follensby Pond ofri istwa natirèl rich sa a, opòtinite aprantisaj kiltirèl ak syantifik - reyèlman gen yon bagay pou tout moun."

**Direktè Egzekitif Konsèy Adirondack la, Raul J. Aguirre, te deklare,** "Follensby Pond se youn nan jwayo Adirondack Park la, epi li pral kontinye rete youn jwayo avèk nouvo akò sa a. Ak ogmante presyon sou bèt sovaj endijèn ki soti nan chanjman klimatik la, enpak kalite lè ak dlo, ak espès anvayisan, pwoteje youn nan dènye lapèch twit lak primitif nan Adirondacks pral pote fwi pou anpil jenerasyon. Felisitasyon pou The Nature Conservancy paske li se gwo jeran Follensby Pond, epi paske li te jwenn youn solisyon nan youn sityasyon jesyon difisil ki bay aksè ak lwazi, edikasyon enpòtan ak opòtinite rechèch syantifik, epi rekonèt valè kiltirèl Endijèn enpòtan yo. Sa a se youn viktwa pou Follensby, moun nan Eta New York, ak pou tout moun ki te chèche pwoteksyon pou peyizaj anblematik sa a pandan ane yo."

Tou de pasèl Rivyè Raquette ak Follensby Pond yo se pwojè priorite nan Plan Konsèvasyon Espas Ouvè Eta a epi ansanm fòme pi gwo pwoteksyon espas ouvè depi akizasyon istorik Finch Pruyn an 2012. DEC pral peye The Nature Conservancy apeprè 9.3 milyon dola anplis lòt depans tranzaksyon ranbousab pou sèvitid konsèvasyon yo lè l sèvi avèk resous ki soti nan Fon Pwoteksyon Anviwònmanal (State's Environmental Protection Fund, EPF) Eta a. EPF la sipòte efò pou diminisyon ak adaptasyon chanjman klimatik yo, amelyore resous agrikòl yo pou ankouraje agrikilti dirab, pwoteje sous dlo yo, fè avanse efò prezèvasyon yo epi bay opòtinite lwazi pou Nouyòkè yo. Pami anpil viktwa anviwònmanal nan bidjè Eta pou ane Fiskal 2023-24 la, Gouvènè Hochul te kenbe finansman EPF la nan 400 milyon dola, ki se nivo finansman ki pi elve nan istwa pwogram nan.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)